**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

**“ Улыўма билим бериў мектеплеринде дене-тәрбиясы ҳәм жасларды шақырыққа шекемги таярлаў пәнлерин оқытыўды еле де жетилистириў” атамасындағы республикалық әмелий-методикалық семинар шөлкемлестириў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 13-августтағы “Халық билимлендириў системасында үзликсиз методикалық хызмет көрсетиў жумысларын және де раўажландырыў ҳаққында”ғы 183-санлы буйрығы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Республика оқыў методикалық орайының 2020-2021-оқыў жылы ис режесинде белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. 2021-жылдың 27-май күни Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 4-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде **“ Улыўма билим бериў мектеплеринде дене-тәрбиясы ҳәм жасларды шақырыққа шекемги таярлаў пәнлерин оқытыўды еле де жетилистириў”** атамасындағы Республикалық әмелий-методикалық семинары өткерилсин.
2. **Республикалық оқыў-методикалық орайы(Қ.Жубанов)на:**

еки күн мүддет даўамында әмелий-методикалық семинардың бағдарламасын ислеп шығыў;

Улыўма билим бериў мектеплеринде дене-тәрбиясы ҳәм жасларды шақырыққа шекемги таярлаў пәнлерин оқытыўдағы ушырасып атырған машқалалар олардың шешимин табыў, оқыўшыларға сапалы билим бериўде креативлик қатнас жасаў бойынша тезислерди жыйнаў ҳәм улыўмаластырыў;

семинарда жоқары оқыў орынларының профессор-оқытыўшылары менен бирге ислесиў бойынша жумысларды әмелге асырыў;

Дене-тәрбиясы ҳәм жасларды шақырыққа шекемги таярлаў пәнлеринен оқытыўдың сыпаты ҳәм нәтийжелилигин арттырыўда креативлик қатнас жасаў бойынша билдирилген пикир-усынысларды улыўмаластырыў;

республикалық әмелий-методикалық семинарды ғалаба хабар қураллары арқалы кең түрде жәриялаў тапсырылсын.

3. **Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими (П.Ақназаров)не 4-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде “ Улыўма билим бериў мектеплеринде дене-тәрбиясы ҳәм жасларды шақырыққа шекемги таярлаў пәнлерин оқытыўды еле де жетилистириў”** атамасындағы Республикалық әмелий методикалық семинарды жоқары шөлкемлескенлик дәрежеде өткериў мақсетинде зәрүр болған теникалық көргизбели қураллар менен тәмийинлеў ўазыйпалары жүкленсин.

4. **Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәм республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

2 күн мүддетте Дене-тәрбиясы ҳәм жасларды шақырыққа шекемги таярлаў пәнлеринен оқытыўда ушырасып атырған машқалалар ҳәм олардың шешимин табыў, оқыўшыларға сапалы билим бериўде креативлик қатнас жасаў бойынша тезислерди Республикалық оқыў-методикалық орайына (diliya@inbox.uz) жеткерип бериў;

**“ Улыўма билим бериў мектеплеринде дене-тәрбиясы ҳәм жасларды шақырыққа шекемги таярлаў пәнлерин оқытыўды еле де жетилистириў”** атамасындағы республикалық әмелий-методикалық семинарға Район (қала)лық халық билимлендириў бөлими Әмелий пәнлер методисти, дене-тәрбиясы ҳәм жасларды шақырыққа шекемги таярлаў пәнлериниң ҳәр биринен бир тәжирийбели муғаллимлерди қатнастырыў ўазыйпалары тапсырылсын.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаулиевқа жүкленсин.

**Министр Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «25» май
№ 127